

Chè fanmi:

Yo pral bay egzamen anyèl Konpozisyon anglè (English Language Arts, ELA) ak Matematik Eta Nouyòk pou elèv 3yèm rive 8yèm ane pou tout elèv pita nan sezon prentan sa a. Akòz pandemi Covid-19 la, yo te anile egzamen sa yo nan sezon prentan 2020 epi yo te ofri yo sou yon baz limite an 2021. Egzamen sa yo obligatwa dapre lwa federal Chak elèv reyisi (Every Student Succeeds Act, ESSA) epi yo fèt pou bay enfòmasyon enpòtan sou si elèv yo prepare pou yo pwogrese nan lekòl ak gradye avèk aptitud pou panse kritik, rezoud pwoblèm, ak rezone ke yo bezwen alontèm pou reyisi nan lekòl, kolèj, karyè, ak lavi. Egzamen sa yo se sèlman youn nan plizyè mezi lekòl nou yo itilize pou evalye pwogrès: nòt klas, kanè, modèl redaksyon, pwojè, devwa ak lòt travay ki baze sou pèfòmans elèv enpòtan menm jan an tou.

Si w gen lòt kesyon, tanpri kontakte lekòl pitit ou a.

Kilè egzamen ofisyèl yo ap fèt pou klas 3yèm rive 8yèm ane?

Ane sa a, y ap bay egzamen ELA ak Matematik nan de sesyon sou de jou youn apre lòt.

ELA: 29-30 mas	Matematik: 26-27 avril
Ratrapaj ELA: 31 mas – 8 avril	Ratrapaj Matematik: 28 avril-9 me

Kòman pitit mwen an benefisye nan egzamen ofisyèl yo?

Oumenm ak pitit ou a benefisye nan egzamen ofisyèl yo paske yo:

- Bay enfòmasyon detaye sou si pitit ou a ap aprann sa yo atann li aprann nan nivo klas li.
- Ede lekòl yo detèmine kijan elèv yo ap pwogrese ak pèfòme an konparezon avèk kamarad yo, epi ki elèv oswa pwofesè ki ka bezwen plis sipò.
- Pèmèt ou konnen kòman lekòl pitit ou a ap travay lè yo konpare l ak lòt lekòl.

Kisa ki nan egzamen an? Konbyen tan yo bay pitit mwen an pou fini egzamen eta a?

Chak egzamen gen de sesyon ki pa limite nan tan epi yo bay yo sou de jou (yon sesyon pou chak jou). Sesyon 1 pou tou de egzamen yo se chwa miltip sèlman. Sesyon 2 pou ELA gen ladann kèk kesyon pou ekri repons yo. Sesyon 2 pou Matematik gen ladan kèk kesyon chwa miltip ak kèk kesyon pou ekri repons yo. Egzamen leta yo pa gen tan limite. Elèv ki bezwen plis tan ap kapab travay nan pwòp vitès yo pou demontre pi byen sa yo konnen ak sa yo kapab fè.

Ki enpak rezilta nòt yo genyen sou pwofesè yo?

Pa gen okenn obligasyon, menm si depann kritè chwa nan Mezire aprantisaj elèv chak lekòl aplike, rezilta egzamen eta yo kapab oswa kapab pa genyen enpak sou evalyasyon pwofesè.

Ki enpòtans egzamen sa yo nan admisyon lekòl presegondè oswa lekòl segondè?

Kèk lekòl presegondè ak segondè gen pwogram ki fè evalyasyon dosye akademik ki sèvi avèk nòt egzamen eta yo kòm youn nan plizyè kritè pou admisyon, men yo pa janm ka itilize yo kòm sèl oswa prensipal mezi pou pase elèv ni pou pran desizyon sou admisyon. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ki fè evalyasyon la a: schools.nyc.gov/Middle ak schools.nyc.gov/High. Avèk enpak COVID-19 la, fason lekòl sa yo te konsidere nòt egzamen eta yo te chanje pou admisyon otòn 2021, epi yo p ap itilize nòt egzamen eta yo pou admisyon otòn 2022.

Èske fanmi ka chwazi pou pitit yo pa fè egzamen ofisyèl yo oswa mande yon lòt evalyasyon?

- Nou ankouraje tout elèv pou yo pran egzamen sa yo paske ni oumenm ni pitit ou a benefisye enfòmasyon nou aprann nan rezilta egzamen. Egzamen eta a bay plis enfòmasyon sou sa pitit ou a ap aprann epi ede pwofesè yo ak lekòl yo ajiste sipò kote li nesèsè.
- Si w vle pou pitit ou pa pran egzamen eta yo ankò, se pou pale avèk direktè lekòl pitit ou a. Si apre ou fin pale avèk direktè lekòl la ou toujou vle pou pitit ou a pa fè egzamen eta yo, direktè a ap respekte desizyon w. Paran an ak direktè a dwe kenbe yon dosye alekri sou konvèsasyon sa a.

Kisa pitit mwen an ta dwe fè pou li prepare pou egzamen an?

- Ede pitit ou a byen dòmi lavèy egzamen an epi manje byen nan maten.
- Di pitit ou a ou kwè nan kapasite !!

Kilè m ap konnen kòman pitit mwen an te travay nan egzamen yo?

- Jeneralman, Eta Nouyòk bay nòt egzamen yo pandan ete epi nòt yo ap disponib nan Kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account) pitit ou a.
- Nou ankouraje w kontakte pwofesè pitit ou a oswa direktè lekòl la pou pale sou nòt egzamen ofisyèl yo ak pwogrè akademik an jeneral.

Kisa k ap pase si pitit mwen an pa lekòl la lè yo bay egzamen eta a?

Li enpòtan pou pitit ou a pran egzamen an. Tanpri fè tout sa ou kapab pou sipòte pitit ou a epi pou asire li ale lekòl nan jou y ap bay egzamen sa yo. Elèv ki absan, pou nenpòt rezon, ladan COVID, ap gen yon dezyèm chans pou pran egzamen an pandan peryòd egzamen ratrapaj la. Si pitit ou a absan tou pandan peryòd ratrapaj la, yo p ap ba elèv la lòt chans pou pran egzamen an. Yo pa p penalize yon elèv ni fè l double yon klas sèlman paske li pat pran yon egzamen ofisyèl.

Eske se si w vle pou pran egzamen eta a, jan sa te ye ane pase a?

Non. Ane pase, direktè yo te voye lèt bay fanmi pou yo pa patisipe nan egzamen eta a paske anpil elèv t ap patisipe nan ansèyman miks oswa totalman adistans. Ane sa a, kòm lekòl yo rekòmanse ansèyman aplentan anpèsòn, tout elèv dwe pran egzamen eta yo.

Èske pitit mwen an dwe pran egzamen Eta a si l ap pran yon egzamen Regents tou?

Kèk elèv pran egzamen Regents nivo lekòl segondè nan lekòl presegondè. Si pitit ou a nan klas 8yèm ane epi li pral pran yon egzamen Regents Matematik ane lekòl sa a, lekòl ou a pa pral ba li egzamen Matematik Eta klas 8yèm ane a. Ou ka chwazi pou pitit ou a pran egzamen Matematik klas 8yèm ane a pou w gen plis enfòmasyon sou pwogrè l, menmsi li pa obligatwa. Kontakte lekòl ou a si w ta renmen pou elèv ou a pran egzamen Matematik klas 8yèm ane a apa yon egzamen Matematik Regents l ap pran.